



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON 49 MILYON DOLA
DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB LA NAN BRONX**

The Plains ap ofri 98 kay nan pri ki abòdab ki eko-enèjetik nan Wakefield

Devlopman an ap ofri sèvis sipò sou plas nan Doe Fund pou 49 adilt ki gen pwoblèm sanzabri

*Fè pati plan lojman ki pote tranfòmasyon, sou senkan, ki koute 25 milya dola
Gouvènè a*

Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò, 49 milyon dola nan seksyon Wakefield nan Nò Bronx. The Plains ap bay 98 kay nan pri ki abòdab ak sèvis sipò, ak 49 inite ki rezève pou adilt ki gen pwoblèm sanzabri epi k ap viv ak VIH/SIDA, ak yon lòt 20 apatman ki rezève pou granmoun ki gen laj 62 zan e plis.

"Investisman ki soutni kreyasyon ak konsèvasyon kay ki an sekirite, nan pri ki abòdab pou Nouyòkè yo se yon poto mitan pou administrasyon mwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo devlopman sa demontre angajman nou pou ogmante apwovizyonman kay bon kalite atravè Bronx lan epi pou kenbe rezidan ki pi vilnerab nou yo aktif, angaje, epi viv pi an sante, lavi ki pi endepandan."

The Plains fè pati plan ekspansyon Gouvènè Hochul pou fè lojman ki pi abòdab, ekitab epi estab. Nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksè, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante apwovizyonman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki enkli 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

The Plains konpoze ak yon bilding nèf etaj ki gen 98 apatman nan 4519 White Plains Road. Tout apatman yo ap a pri abòdab pou fwaye k ap touche 80 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn lan.

Karant nèt apatman ap rezève pou adilt ki gen pwoblèm sanzabri k ap gen aksè nan sèvis sipò sou plas ke Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) finanse epi AIDS Institute administre. Doe Fund ap livre lojman ak sèvis jesyon dosye klinik pou rezidan yo, ki enkli kowòdinasyon sante mantal ak swen medikal.

Pwojè a fèt pou reponn ak nòm efikasite enèjetik Nouvo Pwogram Konstriksyon pou Plizyè Fanmi Tier 2, Otorite Rechèch ak Devlopman Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak LEED for Homes Gold. Blding lan ap genyen yon twati ekolojik ak pano solè fotovòltayik. Karakteristik eko-enèjetik siplemantè yo ap enkli, sistèm elektrik HVAC debi baryab, ki efikas anpil; Energy-Star, de nivo, ekleraj LED; aparèy Energy-Star; ak aparèy plonbri ki gen debi ki fèb.

Enstalasyon nan rezidans yo ap genyen ladan yo estokaj pou lokatè, biwo pou anplwaye pwogram yo ak yon sal plizyè izaj pou pwogram ak lokatè yo itilize, ansanm ak sekirite 24 sou 24 ak yon sipèntandan sou plas. Rezidans lan ap genyen tou inite lesiv sou plas, yon sant fitnès ak espas lwazi deyò. The Plains sitiye nan fason ki apwopriye toupre metwo, bis, ak estasyon tren. Devlopman a se yon asosyasyon antrepriz ant Doe Fund ak Robert Sanborn Development.

Finansman Eta POU The Plains genyen ladan Kredi Enpo federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb k ap jenere 25 milyon dola fon pwòp ak 9.7 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) ap bay 4.9 milyon dola atravè Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri a (Homeless Housing Assistance Program). NYSERDA ap bay 78,800 dola pou sipò.

The Doe Fund te jwenn prè pou konstriksyon sektè prive ak pèmanan atravè Merchant's Bank of Indiana ak Freddie Mac, epi Richman Housing te sendike fon pwòp ki soti nan kredi sou enpo yo. Kòporasyon pou Lojman ki Bay Sipò a (Corporation for Supportive Housing) te bay tou yon prè 4 milyon dola pou acha ki genyen ladan l finansman pou anvan devlopman.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "Nan deseni ki pase a, HCR te investi plis pase 1.5 milya dola pou kreye ak prezève lojman nan pri abòdab, bon kalite, konbat pwoblèm sanzabri a, epi ogmante devlopman ekonomik atravè Bronx. The Plains apiye dinamis nou an ak 98 nouvo kay ki toupre transpò an komen epi ki eko-enèjetik, ki enkli 49 apatman ki rezève pou adilt ki gen bezwen sèvis sipò pou atenn endepandans ak estabilite. Lè nou travay depre ak patnè nou yo nan The Doe Fund ak Robert Sanborn Development, nou ka ede tout kominote Wakefield la benefisye de nouvo devlopman sa."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te

deklare, "Enstabilite lojman ka poze gwo pwoblèm epi souvan gen konsekans ki menase lavi pou Nouyòkè k ap viv ak yon maladi kwonik espesyalman sila ki gen VIH yo. The Plains ap bay alafwa lojman ki estab ak sèvis sipò pou asire ke rezidan yo gen sa yo bezwen pou rete an sante epi viv nan fason ki endepandan nan kominote yo. Pwojè sa, tankou anpil lòt ke Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri ba sipòte, reprezante angajman inebranlab Gouvènè Hochul pou asire ke tout Nouyòkè genyen yon kote an sekirite, ki estab pou rele lakay yo, ki enkli sila ki pi vilnerab pami nou yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta

New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Lè yo fini, Apatman The Plains yo ap bay lojman nan pri abòdab, ki eko-enèjetik pou rezidan ki gen revni ki fèb ak granmoun nan Nò Bronx ak divès sèvis sipò ak enèji solè pwòp sou plas. Pwojè sa sipòte angajman Gouvènè Hochul pou reyalize de milyon kay eko-enèjetik pandan l ap asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan lojman ki bon pou lasante nan pri ki abòdab epi benefisye de tranzisyon vè yon ekonomi enèji pwòp la nan fason ki ekitab."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Mwen felisite The Doe Fund dèske li bay byennèt moun priyorite atravè devlopman 98 inite lojman sa ansanm ak sèvis sipò ki reflekte investisman nan sant swen ke nou bezwen fè plis yo. New York gen yon kriz lojman ki destabilizan, epi Bronx se episant kriz sa. Nan Bronx, nou obsève monte anflèch ak kantite ekspilsyon rekò depi pandemi an te kòmanse. Sa fè ke eliminasyon sitiwayon sanzabri a pi difisil pou atenn nan nasyon ki pi rich nan mond lan - e se yon echèk politik. Mwen fyè pou sipòte inisyativ sa epi m ap kontinye pouse pou lojman ki ekitab, nan pri abòdab epi ki aksesib atravè investisman federal yo - tankou avèk pwojè lwa mwen an, Lwa sou Kooperativ Abòdab (Affordable CO-OP Act) ke mwen te entwodui resaman."

Senatè Et a, Jamaal T. Bailey, te deklare, "Lojman de kalite, ki nan pri abòdab se yon dwa imen esansyèl. Pwojè sa ap sipòte rezidan yo ak lojman bon kalite nan pri abòdab ak resous sipò ke yo bezwen pou fè fas ak defi imedyà pandemi an ak pi devan. Eta nou an ap fè fas ak kriz sanzabri ak lojman san presedan, epi lojman nan pri abòdab se youn nan zouti ki pi enpòtan nou genyen pou ede Nouyòkè ki vilnerab yo pou retounen sou pye yo epi atenn estabilite alontèm. Mwen kontan anpil pou selebre kòmansman konstriksyon sou pwojè enpòtan sa nan distri mwen an epi mwen pa ka tann pou li fini."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Se pa yon kesyon ke vil nou an gen bezwen lojman ki vreman nan pri abòdab nan fason dezespere espesyalman pou granmoun aje ak moun ki bezwen estrikti sipò siplemantè pou ede kenbe estabilite lojman. Mwen kontan ke HCR ap kontinye efò pou fè pwomosyon devlopman lojman ki abòdab nan Bronx, epi mwen pa ka tann pou pwojè sa fini."

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "Se yon reyalyte ki tris ke nou nan yon kriz lojman nan Vil New York, ki te deranje pi plis pa pandemi COVID-19 la. Bezwen pou lojman nan pri abòdab, bon kalite, ki an sekirite ak lojman ki bay sipò wo anpil epi yo esansyèl pou konba nou pou diminye pwoblèm sanzabri a. Mwen vle

remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la ak Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la pou sipò yo nan pwojè enpòtan sa k ap bay fasilite ak sèvis ki lye a rezidan nou yo k ap viv ak VIH/SIDA, granmoun nou yo ak lòt Nouyòkè ki vilnerab yo nan Nò Bronx."

Manm Konsèy Vil la, Eric Dinowitz te deklare, "Lojman nan pri abòdab pou popilasyon ki vilnerab yo, ki enkli moun ki gen revni ki fèb, moun ki te sanzabri ak granmoun yo, dwe vini ak sistèm sipò anplas. Se egzakteman sa The Plains ap fè, ak sèvis ki lye ke y ap bay yo, y ap asire ke nouvo lokatè yo p ap sèlman genyen yon twa sou tèt yo, men y ap reponn ak tout bezwen yo. Kriz lojman an ap afekte Nouyòkè nan tout vil la, se poutèt sa mwen tèlman rekonesan epi ankouraje ke devlopman sa pral sèvi elektè mwen yo nan Wakefield."

Vis Prezidan Egzekitif Lojman Doe Fund John McDonald, te deklare, "New York nan yon kafou. Gen de bagay ki retade rekiperyasyon vil nou an. Dabò, konvèjans ewozyon sekirite piblik ak ri sal yo, kote toulede se sentòm ogmantasyon sitiyasyon sanzabri a ke pwogram Doe Fund's Ready, Willing & Able (The Doe Fund lan pare, vle, epi li kapab) la, pwouve epi pare pou abòde. Dezyèmman, se mank lojman nan pri ki abòdab epi ki bay sipò vil la. Mwen fyè pou te sipèvize kwasans pòtèy lojman tranzisyon, nan pri abòdab epi ki bay sipò The Doe Fund lan a plis pase yon milyon pye kare. Lè li fini, The Plains ap rejwenn seri swen esansyèl sa, k ap bay lojman bon kalite pou 90 kamarad Nouyòkè nou ki pi nan bezwen, ansanm ak fanmi yo."

Robert Sanborn, nan Robert Sanborn Development, te deklare, "Robert Sanborn Development kontan anpil pou l yon patnè nan devlopman The Plains, dezyèm kolaborasyon nou ak Doe Fund. The Plains reprezante angajman kontini nou pou devlope kay modèn, ki byen fèt, ak sèvis ki entegre; yon anviwònman ki konfòtab ak sèvis ki disponib k ap amelyore lavi tout rezidan yo. Nou felisite Doe Fund pou dènye efò lojman ki bay sipò sa."

Michael Milazzo, Vis Prezidan Prensipal, Originations at Merchants Capital, te deklare, "The Doe Fund te yon pilye nan lojman ki bay sipò nan Vil New York pandan plis pase 30 lane, epi nou onore pou fè pati tranzaksyon resan nan The Plains lan nan Bronx. Antanke youn nan premye finansye lojman nan pri abòdab nan peyi a, nou menm nan Merchants nou toujou ap chèche nouvo fason pou sèvi bezwen lojman popilasyon an atravè Etazini. Lè nou travay ak The Doe Fund, n ap kreye nouvo lojman ki an sekirite, ki bay sèvis sipò pou apeprè 100 rezidan ki pi vilnerab nan New York. The Plains ap bay yon flanbo lespwa ak sèvis ki nesesè pou moun ki nan bezwen. Nou rekonesan pou patenarya sa epi nou pa kan tann pou ranfòse efò lojman nou yo ansanm nan tout New York".

###